

Extraits de la chanson des enfants de Lakou – 17 Octobre 2015

*Version originale (en créole)*

Tout timoun konte  
Timoun rich, timoun pòv  
Tout timoun se timoun  
Nou pa gen dwa maltrete yo.  
Nou pa gen dwa imilye yo.

Mwen konnen se devwa mwen nan maten  
Lè mwen leve  
Nan jaden pou m ale  
Bèf pou m ale chanje  
Bwa pou m ale chèche  
Dlo pou m ale bote  
Men nan vant lan  
Se gwo trip kap vale ti trip.

Aswè m ale dòmi san soup  
Bondye m ape rele  
Aswè m ape rele  
Gade mwen oblije pran lari  
Pou mwen ale chèche la vi a.